

# Gid Aplikasyon Demand Lojman

- Li ilegal daprè Lwa sou Dwa Moun nan Maine pou fè oswa fè yo fè nenpòt ki ankèt **alekri oswa aloral** konsènan ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, andikap fizik oswa mantal, relijyon, zansèt, nasyonalite, oubyen estati familyal pou nenpòt achtè potansyèl, rezidan oswa lokatè yon lokal abitab.
- Li ilegal tou pou tout moun k ap lwe lokal oswa bay lojman publik pou yo refize lwe oswa enpoze tèm ki diferan nan kontra lwaye a sou nenpòt ki moun k ap resevwa èd nan federal, leta, oswa èd publik lokal, tankou asistans medikal ak sibvansyon lojman, sitou akòz moun nan se yon benefisyè.
- Ankèt yo pa ilegal si yo konfòm a nesesite antrepriz la epi yo pa baze sou estati klas pwoteje.
- La plipa nan lojman pou granmoun yo, jan lalwa defiini sa, lwa ki entèdi diskriminasyon ki fonde sou estati familyal la ekzonore li (sof pou reklam) e yo ka mande enfòmasyon sou estati familyal yon aplikan. Tanpri kontakte Komisyon an si w gen nenpòt kesyon sou estati w kòm yon founisè lojman pou granmoun.
- Komisyon an rekòmande pou nan seleksyon lokatè yo, founisè lojman yo ta dwe konsantre yo sèlman sou kalifikasyon lejitim yon aplikan pou lojman li ofri a.
- Demann lojman ki fèt konfòmeman ak enstriksyon, oswa kondisyon, yonn oswa plizyè ajans lokal, eta a, oswa gouvènman federal la an akò ak administrasyon pwogram lojman sibvansyone a yo pa ilegal daprè MHRA.
- MHRA pa entèdi yo mande yon aplikan bay pou li enfòmasyon ki ta ede konfòmeman avèk yon plan aksyon afimatif ki valid san yo pa fose 1.
- Lis kesyon “legal” e “ilegal” w ap gade la a pa konplè. Li la pou montre ki kalite kesyon ke yo poze souvan.

KATEGORI	EGZANP DEMANN LEGAL	DEMANN KI ILEGAL
ZANSÈT/ NATIONALITE	<ul style="list-style-type: none"><li>Konnen si aplikan an se yon sitwayen ameriken.</li><li>Konnen si aplikan kalifye legalman pou rete nan peyi Etazini.</li><li>Adrès aktyèl aplikan an.</li><li>Depi konbyen tan aplikan an t ap viv nan Eta oswa kominate lokal sa a .</li><li>Ansyen kote li t ap viv pou tcheke referans.lè sa nesesè.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Nasyonalite, filiation, zansèt, desandan, oswa kote aplikan fèt oswa fanmi li.</li><li>Lang matènèl oswa premye lang aplikan an.</li><li>Kijan aplikan an fè jwenn kapasite pou li li, ekri, oswa pale yon lang etranjè.</li><li>Non jèn fi oswa ansyen non (sof si li nesesè pou teheke referans).</li><li>Foto ak aplikasyon.</li><li>Depi konbyen tan aplikan an t ap viv Etazini.</li></ul>
RELIJYON		<ul style="list-style-type: none"><li>Denominasyon relijye, afilyasyon, kote ou adore, lidè relijye, oswa jou konje relijye li respekte.</li><li>Non dirijan legliz la kòm referans.</li></ul>
RAS	<ul style="list-style-type: none"><li>Kondanasyon kriminèl ki gen rapò ak kapasite pou respekte kontra.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Ras aplikan an oswa paran li.</li><li>Aparans, koulè po oswa koul zye li.</li><li>Foto ak aplikasyon.</li><li>Dosye arestasyon</li></ul>

SÈKS/GWOSÈS	<ul style="list-style-type: none"> <li>Non moun ki nan kay la.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konnen si aplikan an ansent, si l gen timoun oswa si li gen plan pou li gen timoun.</li> <li>Sitiyasyon familyal.</li> <li>Non jèn fi.</li> <li>Kesyon ke yo poze sèlman a yon sèks e yo pa poze lòt la, pa egzant mande fi sèlman si yo kapab koupe gazon oswa pele nèj.</li> <li>Sèks moun ki nan kay la.</li> </ul>
ETA SIVIL	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantite moun ki nan kay la.</li> <li>Dat nesans lè sa nesesè pou ka fè tchèk sou vi pase pou detèmine kapasite yo konfòme pou respekte kontra.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantite timoun ki nan kay la.</li> <li>Laj moun ki nan kay la (sof si gen rapò ak eksepsyon "lojman pou granmoun").</li> <li>Gwosès, fè pitit a lavni, gad oswa plan adopsyon.</li> </ul>
ORYANTASYON SEKSYÈL		<ul style="list-style-type: none"> <li>Oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon seksyèl aplikan an.</li> <li>Relasyon ant moun ki nan kay la.</li> <li>Sitiyasyon Familyal</li> <li>Non konjenwan an oswa lòt siyifikatif.</li> <li>Foto ak aplikasyon.</li> </ul>
ENFIMITE	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konnen si moun nan ka ranpli kondisyon ki nan akò kontra a oswa akò lokasyon an, si yo bay akomodasyon rezonab pou andikap, a kondisyon ke yo poze tout aplikan yo kesyon sa a.</li> <li>Si moun nan mande yon lojman oswa modifikasyon rezonab, yo ka mande moun nan pou li bay prèv ke li gen enfimite a e ke li bezwen lojman oswa modifikasyon.</li> <li>Konnen si moun nan gen bét domestik.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konnen si moun nan gen pwoblèm sante, sèlman pou konnen si moun nan kalifye pou pwogram lojman pou moun ki gen enfimite.</li> <li>Konnen si aplikan an dejwe oswa te dejwe nan bwè alkòl oswa pran dwòg.</li> <li>Konnen si moun nan bezwen lojman oswa modifikasyon rezonab pou li ka jwi lokal yo menm jan ak tout moun, sof si aplikan an te gentan mande sa deja.</li> <li>Konnen si moun nan ofri yon sèvis, terapeutik, oswa sipò bét, sof si aplikan an idantife sa anvan.</li> </ul>
LÒT	<ul style="list-style-type: none"> <li>Fimen (oswa pa fimen).</li> </ul>	
RESEVWA AISTANS PIBLIK (tankou Seksyon 8, TANF ak Asistans Jeneral)	<ul style="list-style-type: none"> <li>Komisyon Dwa Moun nan Maine fè konnen fòk pwopriyetè ak manadjè yo evite fè demann alekri oswa aloral ki ka fè moun kwè ke yo te refize yo lojman poutèt kondisyon yo kòm yon moun k ap resevwa asistans piblik.</li> <li>Li pa ilegal pou mande yon aplikan kijan li panse peye lwaye a</li> </ul>	